

IZOLE FIZIKMAN ZÒN OKIPE YO AK ZÒN TRAVAY YO

Travay k ap fèt andedan bilding ki okipe yo dwe separe fizikman ak zòn ki okipe yo pa mwayen konstriksyon baryè fizik tanporè. Baryè sa yo dwe konstwi an playwoud ak an plastik polietilèn ki bati nan pasaj yo oswa sou pasaj yo ant zòn konstriksyon an ak espas ki okipe yo. Baryè konstriksyon yo dwe kondane avèk plastik polietilèn ak tep adezif solid sou bò konstriksyon an ansanm ak sou bò ki okipe a pou kreye yon doub baryè.

Yo dwe egzamine ak kondane tout zòn kote polyan ap deplase ant konstriksyon an ak zòn okipe yo. Zòn sa yo gen ladan, men sa pa yo sèlman:



- sousòl moun pa kapab kanpe ladan
- priz elektrik ak switch limyè ki nan miray pataje yo
- tiyo ak konduit elektrik ant miray yo
- kanalizasyon sistèm vantilasyon
- twou nan miray enteryè yo, ak/oswa espas ki anlè miray enteryè yo, ak materyo twati/planche (pa egzanp espas ki anlè sistèm twil plafon yo).

Polyan konstriksyon an kreye ka ale andedan nan divès kalite kondisyon. Sa ki annapre la yo se rekòmandasyon pou diminye pasaj polyan deyò yo nan anviwònman andedan an:

- Byen fèmen toutotou pòt eksteryè yo ak riban pwoteksyon kont freddi ak pwoteksyon nan anba pòt yo pou anpeche enfiltrasyon polyan deyò konstriksyon an kreye.
- Kouvri avèk prela tout pil tè/debri ki toupre bilding lan dirèkteman oswa mouye tè/debri yo pou diminye kreyasyon ti patikil k ap vante nan lè a.
- Mèt pwopriyete a oswa kontraktè a dwe kondane fenèt yo pandan peryòd aktivite konstriksyon ki ka ogmante volim patikil ki nan lè a.
- Chanje filtè HVAC yo regilyèman nan zòn ki afekte ak aktivite renovasyon yo. Panse chanje pou itilize filtè ki pi efikas.
- Dezaktive tanporèman sistèm HVAC yo pandan konstriksyon ki kreye gwo kantite polyan deyò. Si aktivite a dire pi lontan pase 1 jou, yo dwe bay lòt mwayen vantilasyon pou zòn ki afekte yo. Si sa pa posib, yo dwe anvizaje deplasman aktivite yo nan zòn sa yo.

